


BD

CHIMEN LAKAY

www.sitwayenayiti.org



M TANDE YO DI FÒK NOU SÈVI AK DLO K BOUYI OSWA KI TRETE AK AKWATAB OUBYEN JIF.



YO DI TOU PIGA NOU POUPOU NAN TÈT SOUS DLO YO. NI NAN RIVYE YO. TOUJOU LAVE MEN NOU PASKE SE NAN SALTE AK POUPOU MOUN PLUS TRAPE KOLERA A.




VVAZIN, N AP FÈ YON TI DE-PLASE. N A VIN WÈ MALAD LA PITA !

MÈSI WI POU TOUT BON KONSEY SA YO !




JAN M WÈ JAN JI-LYEN MALAD LA A. OU KWÈ SEWOM ORAL SÈLMAN KA FÈ YON BAGAY POU LI ?



SEWOM ORAL LA KA CHÈ ANPIL CHERI !

MEN NON ! OU JWENN LI TOUT KOTE. NAN FAMASI OUBYEN NAN BOUTIK. EPITO, SI W PA GEN MWAYEN, OU KA PREPARE L POU KÒ W. LÈ N RIVE LAKAY M A MONTRE W KÒMAN.



SWIV BYEN MARITA POU W PREPARE SEWOM ORAL LA. RANPLI DE (2) BOUTÈY GRAN-MANJE AK DLO PWOP. SÈTADI DLO TRETE. VIDE DLO SA A NAN YON VESO K BYEN LAVE AK KLOROKS.

PINGA NOU MANYEN NI PATINEN KADAV YON MOUN KI MOURI AKÒZ KOLERA. MIKWOB KOLERA A TOUJOU NAN KADAV SA A. KIDONK, RELE VIN LEVE KÒ A !



METE TWA KYÈ SIK NAN DLO A EPI AJOUTE YON TIKYÈ SÈL FEN LADAN L POU FINI. METE YON PENSE BIKABONAT OUBYEN PRIJE YON BÒ SITWON LADAN L.



SEWOM SA A AP SOVE LAVI YON MOUN SI L FENK TRAPE KOLERA A. MEN, FÒK MOUN KI PWOB MALAD LA AJI PRESE PRESE.



NOU TANDE ?!



DEPI NOU GEN **PWOBLÈM kolera**

OU SISPEK GEN KÈK KA KORELA NAN KAN KOTE W AP VIN LA ...



RELE 177

noula.ht



OTORITE YO

ONG YO

IMANITE YO

Nou pa pwomèt okenn repons. Men, nou kapab voye enfòmasyon yo bay moun ki responsab yo...

Jounal sa a gratis

CHIMEN LAKAY

LAKAY SE LAKAY

www.sitwayenayiti.org




CHIMEN LAKAY

Nimewo 3 - Novanm 2010

OIM soti ti jounal sa a pou tand epi kominike avèk popilasyon afekte a

Pwofite fè yo tand vwa w. Rele ou byen voye SMS nan : 177

BD



DI N NON SILVI, SA JILYEN GENYEN MENM ?

AAAA MISYE PA BON DITOU ; DEPI MATEN AN LI GEN YON DYARE KI PA VLE RETE ...



ANPLIS, LI GEN VOMISMAN. EREZMAN M TE KOURI BYEN VIT AVÈ L. NAN SANT SANTE KI PI PRÈ A YO BAN M SEWOM ORAL SA A. YO DI M L AP RANPLASE TOUT DLO JILYEN PÈDI AKÒZ DYARE A.



NOU DWE PRAN ANPIL PREKOSYON. SI NOU SWIV TOUT SA LIYEN REKOMANDE NOU, N AP RIVE PWOTEJE SANTE N EPI ANPECHE KOLERA A RANTR LAKAY NOU.

OU PA BEZWE PANIKE ...



... JAN N KONPRAN NAN, GEN MEZI LIYEN SI NOU SWIV YO KI KA PWOTEJE SANTE N EPI ANPECHE N PRAN MALADI A



M ANKOURAJE NOU FÈ YON KOUT JE SOU KYOS YO TANZANTAN. N AP JWENN BONJAN ENFOMASYON SOU KOLERA



AN ! OKE, KISA YO EKRI KONSA SOU KOUMAN NOU KA KONBAT MALADI A ?



MWEN, MEN SA M FENK SOT LI SOU KYOS LA : « TOUJOU LAVE MEN N AK DLO PWOP AK SAVON CHAK FWA N SOTI NAN TWALET. TOUJOU SONJE FÈ SA LÈ N PRA L MANJE OUBYEN KWIT NANJE. PA METE ANYEN KI PA BYEN KWIT NAN BOUCH NOU.



TOUJOU koute emisyon radio CHIMEN LAKAY

SOU

40 Radyo kominotè (Ramak) ki tabli nan tout peyi a. Ou ka koute l nan Pòtoprens

SOU

Radyo Boukman 95.9. ak Radyo Tele Ginen 92.9. (bò 10 zè nan maten).

Ou ka suiv li tou sou sit entènèt : sitwayenayiti.org

DESEN : CHEVELIN

Moun ki travay nan ti jounal sila

Chéf redaktè yo
Antoine Hubert Louis

Redaktè / korektè
James Beltis

Responsab distribisyon
Yves Junior Édouard

EDITORIAL

Kolera

Pou kounye a, epidemi kolera ap fè ravaj nan tout depatman peyi a. Epidemi sa a gentan touye anpil moun tout plim tout plimay, sitou sila ki plis nan mal site yo. Prekosyon pa kapon, kolera a fenk kare fè ravaj si nou pa pran anpil prekosyon. Menmsi kolera a malouk anpil, nou ka trete l byen fasil.

Kidonk, si nou pran anpil prekosyon, nou pap rive trape kolera a. Pran abitud lave men nou ak dlo ak savon. Nou ka fè sa ak nenpòt moso savon lave ak bonjan dlo pwòp, sa vle di dlo ki bouyi oubyen ki trete ak klòwòks, akwatab. Pa pèdi tan mennen tout moun ki gen dyare lopital. Depi nou sispèk yon moun gen dyare, prepare sewòm oral pou li prese prese.

Si nou pa gen sewòm oral lakay nou, plen de (2) boutèy granmanjè dlo ki byen bouyi nan yon veso ki byen lave ak klòwòks. Vide de (2) boutèy dlo sa yo nan yon veso ki byen pwòp. Mete demi ti kiyè sèl ak twa gwo kiyè sik, yon dwèt bikabonat nan dlo sa a. Si n pa gen bikabonat, prije yon bò sitwon nan dlo a. Brase li pou sik ak sèl la ka fonn vit.

Kou moun nan koumanse bwè sewòm oral la, kouri avèk li lopital. Espesyalis yo di dyare kolera a gen yon koulè dlo diri yo fenk lave epi li pa santi. Epi tou moun nan ap rann san rete. Menmsi nou wè l ap plede vomi, kontinye bay malad la sewòm oral. Moun nan ap santi vant li ak tout kò li ap fè l mal. Kidonk, moun sa ap santi l fatige anpil.

Manman ak papa, toujou voye je sou timoun yo. Lave men yo souvan. Pa kite yo patinen nenpòt zannimo ni pa kite yo jwe nan labou, fatra oubyen dlo sa. Pa kenbe pyès moun ki gen dyare lakay nou, mennen yo lopital prese prese.

Nan Pòtoprens ak zòn ki nan zanviwon li yo, Leta ak patnè li yo ap travay pou tabli plis sant pou resevwa epi trete moun ki trape kolera a. Gentan gen 8 nan sant sa yo ki posede plis pase mil (1 000) kabann. Jefò mete plis sant pou resevwa epi trete moun ki trape kolera a, se yon gwo bourad Leta ak patnè li yo ap bay 14 lòt lopital prive, kote (chak nan) yo kapab resevwa soti 10 pou rive 50 malad.

Aplike tout konsèy sante yo epi rete tèt frèt. Sou chak 10 moun ki trape kolera a, se sèlman youn ki fè vwèl pou peyi san chapo. Rezon an, yo pa t konnen kisa pou yo fè. Boutofen, toujou koute emisyon « Chimen Lakay » pou nou ka toujou gen anpil enfòmasyon sou maladi kolera a.

Mezanmi pa janm bliye sa : « Se mèt kò ki veye kò » ! Epi tou, « Evite miyò pase mande padon »

An n pwoteje tèt nou kont KOLERA



1 Lave men w avan w manje




2 Lave men w lè ou soti nan twalèt. Toujou byen netwaye latrin yo.



3 Li pi bon pou w vide dlo a nan yon veso k byen pwòp. Byen kwit tout sa n ap manje.



4 Bwè dlo k trete sèlman. Mete 5 gout jif nan yon galon dlo osbyen 1 grenn akwatab ladan l.



5 Si w gen dyare, pou w pa pèdi tout dlo k nan kò w, bwè sewòm oral tanzantan.



6 Lè yon moun gen dyare oubyen kolera, pa tann anpil tan pou n mennen l lopital.

BYEN LAVE MEN NOU !



1 Byen mouye men w epi bat pou dlo a koule oubyen tonbe atè.



2 Pase savon an nan men w pandan 15 segond.



3 Byen fwote de pla men w yo ansanm. Sonje pran tan pou n wete tout tikras ki kache anba zong nou yo.




4 Pa bliye byen foubi do men w ak tout fant dwèt nou yo. Toujou koupe zong nou byen kout pou anpeche mikwòb kache anba yo.



5 Fè yon moun vide dlo pou ou pou w ka byen rense men w.



6 Li pi bon toujou si n leve men n anlè jouk yo sèch nèt. Men, nou ka siye yo tou ak yon sèvyèt ki byen pwòp.



Zanmi yo ekri nou...

Nou sot frape anba tanpèt Toma abske te deja genyen yon epidemi kolera k ap ravaje peyi a. Tout moun nan kan Soutaj Dapui yo ap viv sou presyon paske malè pa gen klaksòn. Nou menm bò isit la nou poko touche ak maladi kolera a. N ap mande OIM ede nou fè prevansyon kont epidemi sa a.

Isit la nou frajil anpil : pa gen bon twalèt, pa gen bagay pou lave men nou pa gen medikaman pou trete dlo. Pou n fè pi vit, n ap rezime pou m di gen anpil pwoblèm asanisman ak ijèn nan kan Soutaj dapui. Majorite timoun nan kan go toujou pje atè tèlman bagay yo pa bon ditou. Si maladi sa a frape nou, se pa pakèt n ap mouri.

Pou n fè sèvi moun ki sou kan sa go kont epidemi sa a, nou ta remen sensibilize chak moun nan kan an. N ap mande fòmasyon pou konite k ap dirije kan an, yon fason pou l kapab montre moun go kouman pou yo pwoteje tèt yo pas ak epidemi sa a.

Soutaj Dapui, # 74, liwoua 47.

